# Юкиё Такасу: Аралды қутқарыў бойынша трансқор дүзиледи

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (51 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (51 KB)




Бул туўралы Ташкентте өткерилип атырған Орайлық Азия халықаралық форумында қатнасып атырған БМШ Бас хаткериниң инсан қәўипсизлиги бойынша кеңесгөйи Юкиё Такасу мәлим етти, делинген uza.uz рәсмий веб-сайтында.

Юкиё Такасудың мәлим етиўинше әйне ўақытта бул процесс баслап жиберилген.

– Бүгин Арал теңизин қутқарыў ҳәм оның әтирапында жасаўшы халықлардың турмыс дәрежесин арттырыў бағдарында кең көлемли жумыслар әмелге асырылмақта. Атап айтқанда, бул бойынша БМШтың арнаўлы бағдарламалары қабыл етилген. Соған қарамастан, Аралға байланыслы экологиялық машқалаларды шешиў бойынша исленип атырған жумыслар жеткиликли емес. Усы форумда Аралды қутқарыў бойынша және де нәтийжели илажларды ислеп шығыў мәселелерин додалаўға бел байлағанбыз.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети

Sa'ne: 08.06.2018 10:39, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'